



Pou Piblikasyon Imedya: 19/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU PASAJ ENTÈDIKSYON  
DEFANS LEGAL PANIK HOMOSEKSYÈL AK TRANSEKSYÈL**

"Pwoteje ak ranfòse dwa LGBTQ se yon priyorite pou administrasyon sa a depi Premye Jou an. Nou te pase egalite maryaj nan premye ane m sou pouvwa a, te adopte GENDA pou pwoteje transeksyèl ak Nouyòkè ki pa konfòme ak yon idantite seksyèl kont diskriminasyon, epi nou te lanse kanpay ki pi entrepid lan nan peyi a pou fini ak epidemi SIDA a.

Ane sa a kòm yon pati nan Pwogram Jistis nou an nou te deside pou nou konstwi sou reyalizasyon istorik sa yo lè nou entèdi sa yo rele defans legal panik homoseksyèl ak transeksyèl, ki esansyèlman te kodifye omofobi ak transfobi anndan lwa eta a. Ak adopsyon mezi sa a, n ap voye yon estrateji defans legal toksik antre nan poubèl istwa, se la ki plas li.

Nan yon moman kote krim layèn kont Nouyòkè LGBTQ - fanm transeksyèl de koulè an patikilye - ap ogmante, ijans pou aji pat ka pi klè epi n ap voye yon mesaj klè bay kominote sa a pou di nou kanpe ak yo.

Sa a se yon viktwa enpòtan pou moun LGBTQ tout kote epi li vin pi siyifikatif toujou pandan n ap apwoche 50yèm anivèsè revòlt Stonewall lan, ki te mete an aksyon mouvman dwa LGBTQ nan tan modèn yo".

###

Lèt nouvlè disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)